

# SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

**Omaj Jan Mapou, yon zetwal kreyòl**

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt, ekriven

Manm Sosyete Koukouye Kanada

Nouvèl literè

## Yon jou nan Libreri Mapou

Jan Mapou te chita nan fotèy li anndan Libreri Mapou, yon espas ki chaje ak istwa, chaje ak souvni. Se te yon lòt dimanch tankou nan Ti Ayiti, anndan Miyami, men nan kè Jan, te genyen yon Ayiti tou limen. Jan pa te yon senp moun ki ap vann liv epi ki te vin pran refij nan kominate ayisyen Miyami an. Non!! Se pa sa pyès. Libreri Mapou, se yon espas, kote moun te vin chèche rasin yo, yon kote, yo tande kreyòl tankou zwazo ki ap chante nan mitan jaden flè.

Liberi Mapou pa te senpman yon espas, kote yo achte liv; li te vin yon espas sakre, kote pèp ayisyen an te ka rasanble, reflechi epi pataje istwa yo. Jou dimanch sa a, Mapou te ap pran sant bon papye ki vin jòn ak tan an, yon pafen ki melanje ak pousyè ak lank, ki te enpreye chak fèy yo nan Libreri te anvayi espas la. Anfèt, lè li pase dwèt li sou yon ansyen liv, se tankou li te santi ane yo depoze yon memwa vivan, ki pran fòm nan paj liv yo, ki te tèlman frajil, depi yon moun manyen yo twò fò, yo te ka chire, oswa kase. Se poutèt sa, Mapou te konn di, chak liv nan libreri a te pote yon moso Ayiti nan mitan Miyami.

Jou dimanch sa a, te gen yon bri pye ki te ap sòti deyò a pou randre anndan Libreri a, men Jan pa te pran tan pou li gade. Sa te ka yon lòt vizitè, yon lòt moun ki ap chèche yon liv, ki ap chèche yon ti moso Ayiti. Jou sa a, atmosfè a te diferan. Jan santi yon chanjman nan lè a, yon sansasyon ki te fè kè li bat pi vit. Malgre tout rekòt kafe li genyen sou tèt li, li toujou kenbe menm pasyon an pou lang kreyòl la. Li te santi li menm jan ak jou li te premye pran mikwo pou li pale nan radyo Karayib nan yon emisyon, ki te rele Emision Soley. Li sonje jou sa a klèman, kote li te genyen fèm konviksyon, pou li te di : "Kreyòl se nou, kreyòl se tout sa nou ye."

## Jan Mapou: yon gason ak yon misyon

Jan Mapou, yon nèg konviksyon, te toujou ap milite pou jistis sosyal. Li te wè lang kreyòl la kòm senbòl idantite pèp li a, yon zouti pou li batay kont enjisitis ak diskriminasyon. Anvan li te kite Ayiti, Jan te deja yon militan enfòme. Li te patisipe nan reyinyon klandestin pou li defann kreyòl devan opresyon rejim opouwva a. Mapou te toujou wè tèt li kòm yon patriyòt ki te toujou pare pou lite kont tout fòm enjisitis, menm lè li te lwen tè zansèt li. Li te konprann, enpòtans lang kreyòl la pa chita sèlman nan fonksyon li kòm yon zouti komunikasyon, men tou kòm yon eleman kle nan rezistans pèp ayisyen an. Anfèt, se yonn nan rezon ki te pouse Jan Mapou louvri Libreri Mapou nan Miyami, yon sitadèl rezistans, kote chak liv se yon poto mitan nan defans kilti ak idantite nasional chak gress Ayisyen.

Pou Jan, libreri a te yon espas sakre. Jan te yon gason jenere ki te mete tout fòs li pou li kreye yon espas, kote chak gress Ayisyen ka jwenn rekofò nan nan kè pwòp kilti li epi nan lang li pale a. Pou Jan Mapou, chak liv nan Libreri Mapou te pote yon moso nanm pèp Ayisyen an, yon eritaj ki ta dwe rete vivan jenerasyon apre jenerasyon. Se eritay sa a li vle kite pou Ayisyen nan Ti Ayiti anndan Miyami, epi pou Ayisyen toupatou, chak fwa yo pase nan Little Haiti.

Jodi a, Jan ap fè lago ale-vini nan memwa li. Li sonje jou li te kite Ayiti, lè li te monte nan avyon pou li ale Nouyòk. Jou sa a pa te yon jou tankou tout lòt jou yo nan lavi li. Se te yon vwayaj chaje ak tristè, men tou ak lespswa. Espwa pou li chape anba grif diktati Duvalier a ki te ap maspinen peyi Ayiti, espwa pou li ka kontinye travay li menmsi li lwen tè zansèt li yo, lwen Okay, kote kòd lonbril li antere. Li sonje maten ki chaje ak soleyn nan Okay, kote chak ti briz te pote chante zansèt yo, batay yo epi lodè nanm yo. Isit, nan Miyami, menm soleyn la paret etranje. Li pa kapab chofe pati nan kè Jan ki rete sou zile a oswa nan divès, kote li te pase pou li pataje konviksyon li ak moun anndan peyi a.

Sepandan, malgre distans lan, Jan te toujou santi Ayiti nan kè li. Li te toujou santi sansayon mizik kreyòl la ki ap kannale nan san li, yon mizik ki pa pe janm sispann jwe. Mizik sa a, se yon mizik rezistans, yon melodi ki ap sonnen nan tout sa li te fè. Jan wè tèt li tankou yon nèg konviksyon, yon patriyòt, yon militan jistis sosyal ki ap fè tout sa li kapab pou li pwoteje epi defann idantite pèp li a.

Li sonje premye fwa li te pran yon liv ki ekri an kreyòl nan men Ersnt Mirville – Pyè Banbou. Li te yon jenn gason, men li te santi yon chalè ki ap monte nan kè li pandan li t ap li chak mo. Sa te yon revelasyon pou li; li te konprann nesesite pou li prezèv sa ki fè tout Ayisyen rete Ayisyen. Lè li rive Nouyòk, li te santi yon chay sou do li, yon gwo

responsabilite pou li kontinye fè lang ak kilti pèp li a rete vivan nan yon peyi etranje. Epitou, se menm travay la li vin kontinye nan Miyami.

## Jan Mapou kòm rasanblè epi lidè

Nan Miyami Jan vin tounen yon rasanblè, yon gason jenere ki mete tout fòs li pou li kreye yon espas, kote tout Ayisyen ka jwenn rekofò nan kilti yo, nan lang yo. Pou Jan, Libreri Mapou a te plis pase yon espas fizik; se te yon sitadèl rezistans, yon tanp ki te leve pou pwoteje trezò pèp Jan Mapou a kont blye epi asimilasyon. Mapou te remake kominate a bezwen yon kote, yon espas pou yo ka rasanble, epi sonje.

Mapou te pran anpil tan pou li konstwi libreri a, mete chak liv nan plas li, chwazi ak anpil swen liv ki ta dwe pran plas yo nan espas la. Chak liv te gen yon istwa, chak paj te pote yon moso Ayiti, yon moso kreyòl. Li te wè libreri a tankou yon pyebwa ki grandi ak tout sa li te mete ladan li. Chak fwa yon moun antre, chak fwa yon moun chita pou li pran yon liv epi li, Jan te santi li te fè yon diferans; li te pote yon moso lakay bay moun ki te ka santi yo pèdi lòt bò dlo, lwen lakay yo.

Jan te utilize lidèchip direktif li pou li angaje kominate a nan konvèsayon sou kilti ak idantite. Anfèt, se rezon sa a menm, ki fè li te kreye Sosyete Koukouye ki te vin pote flanbo Mouvman Kreyòl la depi nan epòk Jan te ap viv Nouyòk. Rive Miyami, se menmman parèyman. Chak fwa Jan pale, li te montre kijan kreyòl la se plis pase yon lang—se nanm pèp la, yon mizik ki pa pe janm sispann jwe. Jan te vin yon limyé, yon gid pou jenerasyon jèn ayisyen nan dyaspora a. Yo te demonstre anpil admirasyon pou li epi yo devlope yon respè wòdpòte pou travay li fè.

Men, defi yo te anpil pou Jan Mapou. Kreye Libreri Mapou pa te yon travay fasil. Jan te rankontre anpil obstak, sòti nan difikilte finansye, kote li te oblige vann kèk nan byen li yo, rive nan diskriminasyon ak obstak enstitusyonèl ki t ap met baton nan wou li. Men, pou Jan, fèmen libreri a pa te yon opsyon. "Sa a se pa sèlman yon biznis, se yon misyon," se pawòl li te konn sòti nan bouch li.

Jan te toujou gen yon koneksyon sere ak peyi li, men koneksyon sa a depase distans, depase tan. Nan mitan Miyami, li te toujou santi lodè tè a apre lapli. Se sa kreyòl la te reprezante pou li, yon koneksyon ki pa pe janm kase, yon lyen ki fè li vivan, yon lyen ki fè li pa janm trayi tèt li, ki pèmèt li rete Ayisyen toutbonvre.

Men jodi dimanch sa a, Jan santi yon emosyon diferan. Lè li aprann jan lakay ap pran anpil kou nan men bandi legal, li santi sitiyasyon an ba li doulè nan kè. Li mande poukisa tout chanjman ki pase sou tè Ayiti pa janm ka mennen li pi pre peyi li fizikman. Li fè rimay anmwey nan Fò Dimanch, Fò Lamò. Dlo koule nan je li. Li antre nan yon refleksyon, kote li wè ansyen kanmarad li yo.

Kòm Libreri Mapou se yon sitadèl konesans, li ranmase timoun, jenn moun kou granmoun. Jou sa a genyen yon jèn gason ki te retounen lakay li apre yon vizit li nan Libreri Mapou. Li pa te ka sispann panse ak Jan Mapou ak enpak pwofon grandèt sa a te genyen sou lavi li epi sou kominate a. Pandan li chita nan ti chann li an, li te kontinye reflechi sou konvèsayon limenm ak Mapou, yo te genyen, sou filozofi Jan ak devosyon li pou kilti ak lang kreyòl la. Nan refleksyon jenn gason sa a, misye rive jwenn senk pawòlgranmoun ki senbolize esans Jan Mapou, pawòl ki te reflete valè ak angajman nèg sa a ki te ap mennen yon batay san fen pou li prezèv idantite pèp li a.

"Liv se semans pou pyebwa kreyòl; chak paj se yon moso rasin ki ankre nan tè Ayiti." Pandan li panse ak Jan Mapou, jèn gason an te sonje kijan Jan te toujou di, chak liv nan Libreri Mapou a te pote yon moso nanm Ayiti. Li konprann, pou Jan, chak liv te tankou yon pyebwa ki ap grandi, epi chak paj reprezante yon rasin ki rete ankre nan tè zansèt yo. Yon liv kreyòl se pa sèlman yon mwaven komunikasyon, men tou, se yon eritaj ki konekte nou ak rasin nou.

"Libreri a se tanp lanmou pou kilti nou; se kote flanm idantite nou ap toujou rete limen pou tout tan gen tan." Libreri Mapou te vin tounen yon tanp sakre, kote tout Ayisyen te ka rasanble pou yo onore epi selebre kilti yo. Jèn gason an te sonje kijan Jan te eksplike li libreri a pa te senpman yon espas, kote pou mou achte liv, men yon espas, kote lanp etènèl idantite nou ap limen san rete, menm nan

mitan difikilte. Pou Jan, "Chak mo kreyòl ki soti nan bouch nou, se namz zansèt yo ki ap jwe mizik lavi nou." Jèn gason an te sonje fason Jan te kwè, chak fwa yon Ayisyen pale kreyòl, se yon pati nanm zansèt nou yo ki ap chante nan bouch moun sa a. Pou Jan, se rezilyans ki konsève sa ki pi sakre anndan nou, menm lè nou ap viv byen lwen kote rasin nou souche a.

"Fòs yon pèp rete nan memwa li; se pa nan blyie non, men se nan sonje epi defann rasin nou." Finalman, jèn gason an te vin konprann, Jan Mapou te toujou mete aksan sou enpòtans memwa nan batay pou idantite ak kilti.

## Yon powèm pou lavi ak kreyòl

Jou dimanch sa a, anvan soleyl la te desann konplètman, Jan Mapou te pran plim li pou li ekri yon powèm, yon dènye mesaj li vle kite pou jenerasyon ki ap vini yo. Powèm sa a te gen ladann tout sa li te santi, tout remèsiman li te gen pou lavi a, epi tout angajman li pou li kontinye batay pou lang kreyòl la. Nou imajine powèm sa a kòm eritaj byen fonde Jan Mapou kite pou nou:

Mwen remèye lavi

Pou tout jou li ban m pou m lite

Pou tout eksperyans ki foje m

Ki fè m pi solid nan lannou mwen pou kreyòl

Mwen remèye zansèt mwen yo

Ki ban m fòs pou kenbe, pa lage

Nan chak mo kreyòl, nan chak son

Mwen jwenn rezon pou m kontinye

Nou p ap janm blyie kote nou soti

Pou nou ka konnen kote nou prale

Lavi ban m misyon kreyòl la

E jodi a flanbo a pou nou tout

Nou jèn gason, nou jèn fanm

Se nou ki lespswa demen

Kenbe lang nou avèk kouraj, konfyans

Se li ki va kontinye ba nou fòs rezistans

Pa janm lage listwa nou, ni peyi nou, ni kilti nou

Ansanm, an nou kenbe tèt nou wo

Se pèseverans ki ka fè nou goute sèl libète

Jan Mapou te kite plim li repoze sou papye a. Li te santi yon lòt bò, soleyl la, ki ap desann. Chalè soleyl la pa te soti nan reyon li yo, men nan kè Jan Mapou, nan remèsiman li pou lavi a, li te konnen, malgre tout difikilte, tout batay, li te konnen, lang nou, se tras ki pa pe janm efase. Powèm sa a, dènye mesaj li, se te tankou yon eritaj li te vle kite pou tout Ayisyen, yon rapèl, batay pou kreyòl la, misyon sakre ki dwe kontinye, jenerasyon apre jenerasyon.

## Yon sèl pyès ki pa pe janm fini

Jan Mapou leve soti nan fotèy li a, li ale nan fenèt la, li ap gade soleyl la ki kòmanse desann. Li wè li fè tout sa li te kapab, li te jwe wòl li ak tout fòs li. Jan Mapou rete devan fenèt la, li ap gade soleyl la ki ap kouche. Li te santi yon chalè san li, yon chalè ki pa te soti nan soleyl la, men ki te soti nan kè li. Li te santi lavi li te gen sans, travay li te pote fwi.



Menm si li pa konnen kilè rido a ka desann sou lavi li, li gen konfyans pèfòmans lan ap kontinye. Gen lòt moun ki pare pou yo monte sou sèn nan, pou yo kontinye travay li te kòmanse avèk yon pakèt lòt fanm ak gason vanyan. Jan Mapou rete toujou kwè, kreyòl la se plis pase yon lang; se nanm pèp ayisyen an, se yon mizik ki pa pe janm sispann jwe, yon pyès teyat ki pa pe janm fini.

Jèn gason an te kite Libreri Mapou ak yon santiman rekonesans, li konnen li gen yon travay pou li kontinye. Lè li rive pi lwen, li di Jan Mapou, "Nou remèye ou anpil, epi nou ap toujou renmen ou." Jan Mapou fèmen je li ak yon ti souri sou figi li, li santi lavi li te rive nan yon pwen, kote li te ka di, "Mwen te jwe wòl mwen. Kounye a, li nan men nou."

Lè Jan Mapou fèmen je li, li te santi chalè nan kè li. Chalè sa a pa te soti nan soleyl la, men li te soti nan travay li te fè, nan lannou li te bay, nan eritaj li te kite dèyè. Jan te konnen, travay li pa te fini. Okontré, li te konnen, pèfòmans lan ap kontinye, paske gen lòt moun ki te pare pou yo ranmase gress yo epi kontinye simen yo toupatou, kote Ayisyen ap viv. Jan te konnen, kreyòl la se plis pase yon lang, se nanm pèp ayisyen an.

*Mapou's Back... Visit Today*

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS



MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM - 6PM

5919 NE 2ND AVE. MIAMI, FL 33137 305.757.9922

## ADOMI PURCHASING AGENCY

Tel. : 786-457-8830 • Fax: 305-756-0979

e-mail : pasacalia@aol.com

Pour tous vos achats :

Equipements pour construction / Pièces de voiture / Camion /

Equipement médical

Par avion ou par bateau.

Ecoutez tous les matins à 8:00 l'Editorial de Marcus sur [www.radiomelodiehaiti.com](http://www.radiomelodiehaiti.com)